



Pou Piblikasyon Imedya: 26/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN RENOVASYON TINÈL PWOJÈ L NASYONAL LA SAN FÈMEN LI

Nan kad pandemi COVID-19 ki ankou a, MTA fini pwojè a twa mwa anvan kalandriye aktyèl la; sis mwa anvan pwopozisyon orijinal la ki te gen ladan fèmti tout tinèl la; ak pou mwens pase montan bidjè a - sa ki pèmèt ekonomize 100 milyon dola

Sèvis tren L la pral reprann sou tou de trajektwa yo pandan lannuit yo ak wikenn yo apati lendi 27 avril nan kad Plan Sèvis Esansyèl MTA a

Amelyorasyon adisyonèl nan estasyon, kapasite ak aksè pwojè L la ki prevwa fini nan otòn 2020

Gade "Premye trajè vityèl" nan nouvo tren L la [isit la](#) ak foto yo pou pwojè inovatè a [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke pwojè nasyonal tinèl L inovatè a fini - sis mwa anvan pwopozisyon orijinal la ki t ap fèmen sèvis la ak twa mwa anvan nouvo plan inovatè ki te anonse nan mwa janvyè 2019 la apre Gouvènè a te konvoke yon gwoup enjenyè ekspè ki te detèmine yon arè total ki deranjan pa te nesèsè Achèvmàn an te fèt ak mwens pase montan bidjè a, sa ki pèmèt ekonomize 100 milyon dola nan depans pwojè a. Apati lendi 27 avril, sèvis tren L la pral reprann kalandriye sèvis anvan li yo avèk kèk modifikasyon nan kad Plan Sèvis Esansyèl MTA a.

Nan mwa janvyè 2019, piske tren L la te konplètman fèmen pou yo tann reparasyon domaj li te sibi nan Gwo Tanpèt Sandy a, Gouvènè Cuomo te konvoke lidè akademik yo - ki gen ladan Dwayen Fakiltè Jeni Cornell University la ak Columbia University a - pou yo revize de tib L yo epi detèmine si travay renovasyon yo ka fèt nan yon fason ki pi efikas. Apre yo te fè revizyon yo a, ekip akademik lan te rekòmande nouvo metòd ak teknoloji konstriksyon ke yo konn itilize nan sistèm tanspò komen toupatou nan monn lan ak nan plizyè endistri, poutan yo potko janm entegre yo nan pwojè ki prèske menm jan ak lòt pwojè sa yo nan Etazini. Yon fwa yo te kòmanse renovasyon yo nan mwa avril la, teknik sa yo te pèmèt Tanspò Komen Vil New York la (New York City Transit, NYTC) kontinye itilize sèvis metwo nan tinèl la pandan tout dire konstriksyon an san yo pa te entèwonp trajè nòmal pou pifò kliyan ki itilize tren L la ant Manhattan ak Brooklyn pou yo ale travay lasemèn. Anvan rekòmandasyon sa yo, Tanspò Komen Vil New York te planifye pou yo fèmen tout tinèl tren L la nèt pou yo ka demoli ak rekonstwi enfrastrikti tinèl la.

Achèvman pwojè renovasyon tinèl la, ki te kòmanse apre Gwo Tanpèt Sandy a, rive pandan defi san parèy pandemi sante global COVID-19 la. Pou garanti pwojè a respekte kalandriye pou li fini an, MTA Construction & Development te aplike yon seri pwoteksyon sante ak sekirite agresif pou anplwaye ak kontraktè yo, ki gen ladan lansman yon nouvo aplikasyon rapò chak jou, itilizasyon obligatwa ekipman pou pwoteksyon pèsonèl yo, dezenfeksyon sifas kontak yo tout lajounen ak lannuit, yon entèdiksyon pou pataje zouti ak fèmti etablisman komen yo, ak lòt mezi.

"Pandan Nouyòkè yo kontinye gen difikilte avèk enpak devastatè COVID-19 la, achèvman pwojè tren L la se bon prèv ki montre lè n ap fè fas ak difikilte, nou ka tounen konstwi pi byen ak pi djanm - espesyalman lè nou travay ansanm ak panse pi gran," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tout moun te di nou te gen pou fèmen tinèl la pou 15 ak 18 mwa, sa ki ta pral yon gwo entèripsyon pou plizyè milye Nouyòkè ki konte sou tren L la. Nou te defye sila yo ki te di pa te gen okenn solisyon altènativ epi pa konsekan, jodi a, MTA livre yon tinèl ki pi rezistan, ki gen sèvis amelyore ki devanse kalandriye a ak ki koute mwens pase montan bidjè a - tout sa yo pandan nou evite yon fèmti."

Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral MTA an Patrick J. Foye te deklare, "Menm fas ak kriz sante global san parèy sa a, MTA te livre pwojè sa a san danje, plizyè mwa anvan dat ki te prevwa a, ki koute mwens pase montan bidjè a ak san pa gen sèvis ki te fèmen. Apwòch inovatè sa a se lòt prèv ke 'nouvo' MTA a angaje pou fè bagay yo yon lòt jan nan avantaj kliyan nou yo. Mwen aplodi Gouvènè a pou lidèchip li ak efò li pou inovasyon ak nouvo solisyon. Mwen vle remèsye patnè nou yo tou nan Columbia ak Cornell pou revizyon ak rekòmandasyon yo".

Janno Lieber, ki se Direktè Devlopman ak Prezidan MTA Construction & Development, te deklare, "Nan nouvo MTA C & D, deviz nou se 'pi rapid, pi bon, pi bon mache'. Gras ak Gouvènè a ak ekip ekspè li yo, pwojè tinèl Canarsie a te kapab rive atenn objektif sa yo. Nou fini twa mwa anvan dat ki te prevwa a, nan itilize teknoloji ak metòd konstriksyon inovatè epi ekonomize milyon pou piblik la".

Nouvo metòd konstriksyon yo ki itilize nan sèvis prezève pwojè L la pou 90 pousan 400,000 kliyan total an mwayèn pa semèn nan liy pou pifò pwojè 12 mwa a san fèmti. Apwòch revize renovasyon tinèl la te lakòz yon enfrastrikti ki pi rezistan nan tinèl L la, espesyalman:

- **Kenbe sèvis:** Nan itilize pano polimè ki gen fib ki ranfòse (FRP) yo pou rekouvri pati andomaje yo nan ansyen ban an, tinèl L la te rete operasyonèl pandan tout pwojè a pou sèvis yo ka te kontinye - espesyalman pandan semèn enpòtan peryòd mouvman yo nan maten ak apremidi yo. Sa te diminye entèripsyon pou kliyan.
- **Adaptasyon alavni:** Anpil pati nan enfrastrikti transpò a fizikman vewouye epi pa ka adapte pou devlopman alavni ak chanjman nan teknoloji. Okontrè, nouvo sistèm reyònman kab yo ka ajoute ak/oswa amelyore fasilman avèk dènye teknoloji yo jan sa nesèsè.
- **Lonjevite dinamik:** Gras ak nouvo sistèm siveyans fib optik la, estrikti tinèl L la, espesyalman ban an, sou siveyans konstamman epi nenpòt mezi prevantif nesèsè ka gentan pran rapid. Sa vle di ajisteman yo ka fèt

sou baz rapò done konstan ak nan tan reyèl yo ak chanjman tanperati yo olye pou tann jiskaske gwo pwoblèm prezante.

Mary Cunningham Boyce, Dwayen Fu Foundation School of Engineering and Applied Science nan Columbia University, te deklare, "Kò pwofesè Columbia yo te kontan anpil pou patisipe nan prezante nouvo inovasyon nan renovasyon difisil tren L sa a - se yon merit Gouvènè Cuomo ak MTA pou envite ak, an reyalye, akeyi, apwòch avanse yo nan materyèl ak teknoloji ki ka mennen nan yon renovasyon rapid ak ekonomik ki bay solisyon alontèm pou sila yo ki pran tren chak jou. Nou kontan ede bay sèvis sa a. Enpak sou lavi Nouyòkè yo touche nou tout. Avèk ouvèti tinèl tren L la anvan dat ki te prevwa a, nou espere MTA ka itilize nouvo apwòch la ak nouvo teknoloji ke nou te ede vini ak yo pou reyalye pwojè enfrastrikti alavni".

Lance R. Collins, Joseph Silbert Dwayen Fakilte Jeni nan Cornell University, te deklare, "Nou fyè dèske nou te travay ak Gouvènè Cuomo pou jwenn yon nouvo fason pou ranje tinèl tren L la san nou pa te bezwen fèmen sèvis yo. Fraz ki di 'se konsa li te toujou konn fèt' pa yon rezon pou kenbe bagay yo menm jan an. Felisitasyon pou MTA ki livre pwojè enpòtan sa a anvan dat ki te prevwa a avèk mwens entèripsyon pou pasaje yo. Nou kontan dèske nou te fè pati li".

Achèvman travay renovasyon tinèl pwojè L la vle di, apati lendi 27 avril, sèvis tren L la pral reprann sou tou de trajektwa yo pandan lannuit ak wikenn yo. Opsyon sèvis altènativ yo, ki gen ladan M, G, 7 pral reprann wout ak orè anvan yo a. Gras ak apwòch revize pou renovasyon tinèl la, rezilta tinèl L ki fini an gen ladan:

- Nouvo sistèm jesyon kab ki itilize yon sistèm reyònman ak nouvo kab ki rezistan ak dife; ki gen ladan 96,880 pye ki konbine an total pou nouvo kominikasyon yo, antèn radyo, alimantasyon ak kontwòl ponp ak kab fib optik yo ak anlè rak kab yo, 56,000 pye nouvo kab siyal yo. Anplis de sa, yo te enstale 77,710 pye kab pou: ekleraj tinèl la, telefòn otojeneratè, alimantasyon dispozitif antèn ak tinèl la. Sistèm reyònman an, yon ansanm 14,220 pye lineyè nan de tib, kenbe kab yo byen nan lokal presi yo padan y ap bay adaptasyon ki nesèsè.
- Nouvo estrikti ki itilize polimè endistriyèl ki ranfòse ak fib (FRP) pou rekouvri ansyen mi an ak pou sèvi kòm nouvo estrikti ant tib la ak trajektwa yo.
- Nouvo apwòch prevantif epi ki baze sou done yo pou siveye rezistans tinèl la: Nouvo sistèm siveyans fib optik la, ki enstale sou tout mi tinèl la ki gen ladan nouvo FRP ak beton ki egziste, itilize yon total 14,000 pye kab fib optik espesyalize pou idwo-deteksyon ak jewo-deteksyon ki siyale imedyatman nenpòt mouvman nan mi tinèl la. Done yo ale jwenn Sant Kontwòl Ray (Rail Control Center) la dirèkteman kote gen yon ekip devwe ki siveye yo konstaman pou modèl yo epi ki ka entèveni pou nenpòt pwoblèm nan menm moman.
- 12,610 pye nouvo trajektwa tren, ki gen ladan nouvo plak ak ray yo soude san rete: Sa kreye yon trajè ki pi fasil pou kliyan yo ansanm ak mwens fwotman sou trajektwa yo, sa ki diminye nesèsite pou antretyen epi ki pèmèt tren yo kouri pi byen.

- Nouvo apwòch pou jesyon enèji avèk yon katriyèm ray nan sistèm metwo Vil New York la: Twazyèm ray ki egziste a te tounen yon katriyèm ray pou bay retou negatif siplemantè pou ranplase kab retou negatif yo. Sa te ekonomik pou nou epi te pèmèt kab yo enstale sou nouvo FRP estriktirèl la.
- Nouvo konduit evakyasyon 6,380 pye lineyè yo, plis nouvo tiyo, ponp ak kontwòl yo: Sa gen ladan konduit evakyasyon; 18 nouvo kolektè ponp ak sistèm ponpaj la. Nouvo sistèm lan plis pase double kapasite ponpaj dlo a epi li gen yon sistèm siveyans ak kontwòl a distans.
- Nouvo sistèm ekleraj tinèl ki konsome mwens enèji epi ki ekonomik: Sipòte inisyativ nasyonal Gouvènè a nan zafè enèji pwòp, yon sistèm ekleraj siveye san fil ke yon konpayi Long Island te devlope ki itilize LED ki ekonomize enèji te enstale nan patenarya avèk Otorite Devlopman ak Rechèch sou Enèji (Energy Research Development Authority) nan Eta New York. Se premye deplwaman yon sistèm siveyans sante rezo maye san fil IOT 900 MHZ pou ekleraj dijans tinèl metwo a nan monn lan, sa ki garanti kat èdtan ekleraj nan ka ta gen yon blakawout.
- Siveyans anviwònmanal pandan tout dire pwojè a san okenn eksè nan estanda sante piblik yo: Done yo te kontinyèlman kolekte pou mezire nivo pousyè ak silis yo anrapò ak estanda sante piblik yo epi rapò chak semèn yo te pibliye sou entènèt. Pa gen eksè ki te fèt pandan pwojè a.

Rès travay pou kapasite ak aksè pwojè L la ap kontinye tou. Sa gen ladan:

Manhattan

- Estasyon 1 Av: Gen de antre ki fèk enstale epi gen de antre ki egziste ki nan renovasyon. Kliyan yo pral resevwa enfòmasyon ak siyalizasyon nan moman ouvèti ak fèmte eskalye yo pou dènye travay yo.
 - First Ave North ta dwe louvri nan mwa me 2020 epi travay granit final nan lari a pwograme pou enstalasyon otòn 2020 an
 - First Ave South ta dwe louvri nan dat 27 avril epi dènye travay yo ak travay granit yo nan lari a pwograme pou ete ak otòn 2020
 - Nouvo antre Ave A North la aktyèlman louvri epi rès travay granit nan lari a pwograme pou otòn 2020
 - Nouvo antre Ave A South la aktyèlman louvri epi dènye travay yo pwograme pou apre First Ave South fin louvri ak travay granit nan lari a
- De asansè platfòm sou lari nan Avenue A nan pati nò ak sid 14th St: Achèvmman ki prevwa a pwograme pou ete 2020.
- Restorasyon lari nan 14th St: Pavaj pèmanan ki prevwa fèt nan mwa me/jen 2020
- Sou-estasyon Avenue zòn B: Koneksyon elektrik wot tansyon an prevwa fèt nan mwa me/jen 2020
- Enstalasyon vantilasyon Avenue D: Travay final yo pwograme pou yo fini nan mwa jen 2020.

- Nouvo eskalye woulant nan estasyon 14th St-Union Sq: Achèyman ki prevwa a pwograme kounye a pou ete 2020 apre reta kontraktè a akòz COVID-19 la

Brooklyn

- Estasyon Bedford Av: Gen kat nouvo eskalye ki enstale ak kat eskalye ki egziste ki nan renovasyon. Kliyan yo pral resevwa enfòmasyon ak siyalizasyon nan moman ouvèti ak fèmti eskalye yo pou dènye travay yo.
 - Premye antre Bedford North la aktyèlman louvri epi granit final yo ak dènye travay siyalizasyon dijital yo prevwa pou ete/otòn 2020
 - Nouvo antre Bedford North la pral louvri nan mwa me 2020 epi avèk granit final epi dènye travay siyalizasyon dijital ki gen pou fèt apre premye antre Bedford North la ap fè menm lan
 - Premye antre Bedford South la pral louvri nan mwa me 2020 epi avèk dènye travay ki gen pou fèt yo apre nouvo antre Bedford South la
 - Nouvo antre Bedford South la pral fèmen pou dènye travay yo nan mwa me epi ap relouvri nan mwa jen/jiyè 2020
 - Driggs South (de eskalye) pral louvri nan fen mwa me a epi dènye travay yo pral enstale apre Driggs North fin fè menm bagay la
 - Driggs North (de eskalye) pral fèmen nan mwa me a pou dènye travay yo epi prevwa louvri pandan mwa jiyè/out 2020
 - Eskalye platfòm yo: Twa nan kat eskalye platfòm yo fini avèk dènye travay yo, eskalye ki rete a fèmen nan moman an epi pral relouvri pou dènye travay yo nan mwa me 2020
 - Ekstansyon Mezzanine lan aktyèlman louvri pasyèlman kote li prevwa louvri totalman nan mwa jen/jiyè 2020
- Eskalye woulant yo ki sòti nan lari ale nan mezzanine ak sòti nan mezzanine ale nan platfòm lan: Achèyman ki prevwa a pwograme pou ete 2020.
- Restorasyon lari toupre estasyon Bedford Av: Prevwa kòmanse travay nan mwa me ak fini nan otòn 2020
- Enstalasyon vantilasyon N 7th: Travay final yo pwograme pou yo fini nan mwa jen 2020.
- De nouvo sou-estasyon toupre Maspeth Ave ak Harrison Pl: Koneksyon elektrik wot tansyon an prevwa fèt nan mwa me/jen 2020

Pou jwenn plis enfòmasyon ak pou abone pou ka resevwa mizajou yo sou pwojè L la, ale sou <https://new.mta.info/l-project>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)